Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 42 (78038)
17 Октябрь
Хамиз
2024 сон
sadovoduns@yandex.ry
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «САДОВОД»

Ришватчилъиялъул комиссиялда

## ХIасилал гьаруна



Араб анкьалда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь, тIобитIана ришватчилъиялде данде къеркьей гьабиялъул комиссиялъул иргадулаб данделъи. Гьелъул балагьиялде босун букIана 2024 соналъул 3 кварталалда районалъул ришватчилъиялде данде муниципалитеталда гьабулеб хIалтIи кутаклъизабиялда буссараб суал.

Комиссиялъул данделъиялда гьоркьор лъуна: «ХъахIабросдал гьоркьохъеб школалъул МКОУялъул директор (М. ГIисалаевасул) гьебго росдал лъималазул «Снежинка» ясли-ахалъул МКДОУялъул зав. (К. МутIалимовалъул) к1алъаял.

Ришватчилъиялда данде хIалтIи гьабулаго хIасил кьеялъул заманалда районалъул жамгIияб палатаялъ гьабураб хIалтIул бицана М. ГIабдулаевас. Муниципалиял хъулухъчагIазул 2023 соналъул буголъиялъул бугеб хIалалъул, гьукъарабщиналда хурхун районалъул Администрациялда гьабулеб бугеб х1алт1уда ва х1асилазда т1адч1ей гьабуна хадубги гьес.

Унсоколо муниципалияб районалъул Администрациялда хIисаб кьеялъул заманалда ихтияр цIунулел органазул хал гьабиялъул актазул ккарал хIасилал ва хадубккун гьаризесел тадбирал абураб кIалъай гьабуна юрист У. Бартихановалъ.

Гьоркьор лъурал суалазул хIасилал гьарулаго комиссиялъ протоколалги гьарун, данде кколел хIукмаби къабул гьаруна.

ВатIан цIуни

## Хасалихълъиялъул призывалъул суалгун



I4 октябралда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана призывнияб комиссиялъул данделъи. Аслияб къагIидаялда гьенир гIахьаллъана росабазул бутIрул ва учреждениялгун организациязул нухмалъулел. Данделъиялда гьоркьоб лъуна призывалъул кампания тIобитIулаго дандечIвалел суалалги.

Киналго призывалъул заманалда дандчIвалел суалазда хурхун данделъиялда кIалъана рагъулав комиссарасул ишал тIуралев М. Гъапуров. Гьес бихьизабуна 2024 соналъул хасалихълъиялъул призывалъул заманалде кколеб хIадурлъи гьабун бугин.

Гьенибго гьоркьор лъурал суалазда хурхун росабазул бутIрузе кьуна тIадкъаял. Гьел рукIана -2024 соналъул хасалихье армиялде ахIулел комиссариаталде рачIин, гьезда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьаби, гьеб гьабулаго гьорлъе жамгIиял ва диниял гIадамал гIахьал гьари, районалда ругел киналго информациялъулал алаталдасан пайдаги босун, армиялде унезда, гьезул эбел-инсуда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьаби, хъулухъ гьабизе инчIезда букIунеб жавабчилъи бичIизаби.

Гьенибго бетIерасул зам М. ХIамзатовасда тIад къана призывниказулги гьезул эбел-инсулги дандчIваялъулаб данделъи ахIизе, хадусеб хIалтIуе ва бакIазда данделъаби ахIизе план график хIадуризе.

Шапакъат

## РакI-ракIалъ баркула!



Гьаб соналъул 25 сентябралда Дагъистан республикаялъул финансазул Министрас бахъараб №932 бугеб буюрахъалдалъун районалъул администрациялъул финансовиял органазда рихьизарурал лъикIал хIасилазе гIоло ХIурматияб грамота кьун буго «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам, отделалъул начальник Шамсудинов Жамалудин МухIамадовичасе.

Муницациалияб районалъул администрациялъул ва редакциялъул тIолалго хIалтIухъабазул рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула Жамалудин МухIамадовичасда мустахIикъаб шапакъат.

РакI- ракIалъ гьарула, дуе , хIалтIулъ ва гIумроялъулъ жеги чIах1иял битIккеял!

БакIал рай

## ГьаракIуни школа балеб буго

Гьал къоязда ГьаракIуна росулъ лъай кьеялъул цIияб школа балеб бакIалда хIалтIи унеб бугеб куцалъул хал гьабуна бакIал раялъул ва ЖКХялъул управлениялъул нухмалъулев М. АсхIабгIалиевас ва районалъул технадзор А. ГIабдухаликъовас.

ХIалтIул иналда хадуб хал ккун М. АсхIабгIалиевас бихьизабуна школа баялъул хIалтIи букIине кколеб графикалда рекъон унеб бугин ва гьелъул киналго рукIине кколел нормаби цIунулел ругин. ГьабсагIаталда хIалтIаби унел руго кьучI лъеялъул ва къадал раялъул, кватIичIого гьелъул чердак гьабизе буго. БукIине кколеб кIвар кьолеб буго бакIал раялъул нормаби цIуниялъул ва школалда лъималазе киналго шартIал чIезариялъул мурадалда.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 42 (78038)
Хамиз
17 Октябрь
2024 сон



## ВатIан бокьиялъул тарбия кьезин

Районалда тIобитIана гIолеб гIелалъе ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбия кьеялъул ва СВОялъул гIахьалчагIазе кумек-кверчIвай гьабиялъул бицунеб семинар мастер-класс Гьенир гIахьаллъана районалъул школазул рагъулаб лъай кьеялъул учительзаби, «Унсоколо район»МОялъул АТК, Шамильхъалаялъул школалъул цIалдохъаби, лъай кьеялъул хIалтIухъаби,районалъул хIурматиял гьалбал, СВОялъул гIахьалчагIи.

Семинаралъул аслияб мурад букIана гIолеб гIелалъе ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбия кьей ва СВОялъул гIахьалчагIазе кумек-кверчIвай гьаби. Жигараб гIахьаллъи гьабуралъухъ семинаралъул гIахьалчагIазе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго семинар хIадурараз ва ахIулел руго ВатIаналде къо ккани, тIаде рахъулел гIолилал гIезарилъе квербакъизе.

Курск

# Рекъел тIад буссине къеркьолев



**Кьалул ахIи киб бахъаниги къо тIаде ккола бихьиназде. БакI-бакIазда цIа лъун ругьунал Америкаялъулгун Европаялъул нухмалъияз халатаб заманаялъ хIалхьи толеб гьечIо ракълилал улкабазе. Гьедин гьабсагIаталдаги хIалуцарал рагъал унел руго Украиналда, Курскиялда, ай гьел кIанцIана Россиялъул ракьалдеги. Гьеб ва Украина тушбабаздаса цIунизе унел руго нилъер районцоял. Украиналъул рагъазулъ** кIанцIиял гьарун, рагъал унел ругеб Курск областалъул Свердлиново росдал ракьалде. Гьениб 9 августалда къабул гьабуна Ж. МухIамадовасгун къайицадахъаз Украиналъул рагъулал къуватазул тIоцебесеб тIаде кIанцIи. 9 августалъул радал гIужалдаса нахъе гьазул зводалъ гьениб позиция ккуна I4 августалде щвезег1ан...

Рагъал унел бак1азда ахIвал-хIал букIана хIалуцараб, лъугIун рагIалде бахъунеб букIана яргъил нахърател, кванил продуктаби.

Гьаз нухмалъиялда гьарана кумек, амма гьеб бачIинчIо. Гьенибго цин гьеж, хадуб бох лъукъула Жамалудинил. Гьедин ракьалде щапарал гьазде тIаде рортун рачIана тушманасул солдатал. Жамалудинги чанго лъукъарав солдатги гьез асир гьаруна. Гьеб лъарабго, I4 августалда командованиялъ жигараб хIалтIиги гьабун, Жамалудинги чанго лъукъаравги тушманасухъа гьезул асир гьаруралги кьун, хисун нахъе рачана. Хадур сах гьаризе гьал ритIана Подольскиялъул госпиталалде.

Бихьинчиясухъа тIабигIаталъго тIалаб гьабула сахавлъунги къуватавлъунги вукIине; амма рагъ-кьалалъ гIадин сунцаго куцаларо гьесулъ къо хIехьейги бажариги. Украиналъул рагъул киналго къварилъаби къулчIарав гIолилас гьабсагIаталдаги хъулухъ гьабулеб буго Брянск областалъул Клинцы росулъе



**гIахьаллъулев вуго Унсоколо росулъа гIолилав Жамалудин МухIамадовги. Гьесул хIакъалъулъ бицунеб буго нижер гьаб материалалда.**

Унсоколо росулъа гIумроялъул гIицIго 22 сон бугев гIолилав МухIамадов Жамалудин МухIамадович гьаб соналъул 6 маялда ахIана Россиялъул армиялде хъулухъ гьабизе. Ккана гьабсагIаталда Украиналъул рагъулал къуватаз тIаде ракълилаб гIумро тIадбуссинабиялъе къеркьолезда цадахъ. Нилъер умумазул бахIарчияб тарих такрар гьабулев гIолиласе икъбал гьарула хадусеб г1умроялъулъ. Аллагьас балагьаздаса цIунун, берцинго рукъалде рачаги гьевги цадахъ ругелги.

**Саният Къебедмух1амадова**

Учителасул къоялъул хIурматалда

# ЛъикIал хIасилазухъ



**Гьал къоязда Учителасул къоялъул хIурматалда хIурматиял педагогазе ва ясли-ахазул хIалтIухъабазе грамотаби кьуна «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас.**

Гьениб гьабураб жиндирго кIалъаялда ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна. «Дица ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабула нужее, гIолеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялъулъ нужеца рихьизарулел тIадегIанал



хIасилазухъ. - Нужеца куцалеб буго гьезулъ унго-унгояб букIинесеб. Гьеб буго нужеца гьабулеб ишалъул бищунго хIурматияб. Баркала, нужее, киналъухъго. Сахлъи-рохел даимлъаги нужер гIумроялъулъ!

Залалде ракIарарал учительзабаз рекIелъ кIудияб чIухIигун къабул гьаруна шапакъатал.



**ХIурматиял педагогал, ракI-ракIалъ гьарула, нужее, хадурккунги цIиял бергьенлъаби, хIалтIулъ гьира, цIиял анищазде битIараб нух!**

Ахихъан
Районалъул газета
№ 42 (78038)
Хамиз
17 Октябрь
2024 г

3 гьумер

Садовод

Страница в номере

# Разъяснение о работе страховых представителей всех уровней, в т.ч. по информированию и сопровождению застрахованных лиц при оказании мед. помощи при онкологических и сердечно-сосудистых заболеваниях, проводимых контрольно-экспертных мероприятиях, направленных на защиту прав пациентов



**Страховой представитель** - это сотрудник страховой медицинской организации (СМО), представляющий интересы застрахованных лиц. Основная задача страховых представителей - это защита прав и законных интересов застрахованных лиц в сфере ОМС. А также обеспечение информационного сопровождения застрахованных лиц на всех этапах оказания им медицинской помощи, в том числе при прохождении профилактических мероприятий.
Страховой представитель предоставляет справочную информацию по устным обращениям застрахованных лиц и рассматривает жалобы по вопросам обязательного медицинского страхования. Работа страховых представителей организуется страховой медицинской организацией по трем уровням

**Страховые представители 1 уровня** проходят обучение на базе СМО по специально разработанным программам с получением подтверждающего документа. Специалист осуществляет информационное сопровождение застрахованных граждан при оказании им медицинской помощи, в том числе профилактических мероприятий, а также защиту их прав и законных интересов в сфере ОМС.

**Страховые представители 2 уровня** проходят специальную подготовку на базе высшего учебного заведения по утвержденной программе с получением подтверждающего документа. Специалист-эксперт СМО или эксперт качества медицинской помощи, деятельность которого направлена на работу с письменными обращениями застрахованных лиц, включая организацию экспертизы качества оказанной им медицинской помощи, а также на сопровождение застрахованных лиц при организации оказания медицинской помощи по результатам диспансеризации.

**Страховые представители 3 уровня** проходят специальную подготовку на базе высшего учебного заведения по утвержденной программе с получением подтверждающего документа. Страховой представитель 3 уровня ведет информационную работу о необходимости своевременного обращения в медицинские организации в целях формирования у застрахованных лиц приверженности к здоровому образу жизни,
сохранению здоровья.
Кроме того, в ряде медицинских организаций республики установлены телефоны прямой связи со страховым представителем, по которому граждане могут бесплатно позвонить и связаться со страховым представителем для получения консультативной помощи.
Особенно пристальное внимание уделено сопровождению пациентов с онкологическими заболеваниями. В новых правилах появилась норма о формировании страховыми медицинскими организациями на информационном портале территориальных фондов ОМС истории страховых случаев пациентов с подозрением на злокачественное новообразование или с подтвержденными ЗНО. Таким образом, создаётся база информационных данных для быстрой оценки места и времени нахождения пациента на этапах диагностики и лечения. Это даст возможность СМО оперативно восстанавливать нарушенные права пациентов, а также контролировать ход лечения. страховые представители III уровня осуществляют контроль качества медицинской помощи, предоставляемой пациентам со злокачественными новообразованиями. В их функции входят: контроль своевременности оказания медицинской помощи с момента подозрения и диагностики злокачественного новообразования до момента предоставления специализированной, в том числе, высокотехнологичной медицинской помощи, а также при проведении диспансерного наблюдения и в случаях обострения онкологического заболевания; контроль соответствия стадии онкологического заболевания выбранному медицинской организацией методу лечения; контроль степени достижения запланированного результата при проведении химиотерапии (в том числе, дорогостоящими таргетными препаратами); индивидуальное информационное сопровождение застрахованных лиц с онкологическими заболеваниями. Те же действия осуществляются и в отношении больных с



сердечно – сосудистой патологией.
В г. Буйнакске и Буйнакском районе ведется прием застрахованных граждан страховым представителем от страховой медицинской организации **АО МСК МАКС-М.**
График работы страхового представителя:
**ГБУ РД ЦГБ**, Взрослая поликлиника кабинет №45
часы приема с 10 – 12 каждый ВТОРНИК
**ГБУ РД ЦРБ.** Районная поликлиника 2 этаж
часы приема с 10 – 12 каждую СРЕДА

**Буйнакский филиал ТФОМС РД**

# «Сообщи, где торгуют смертью»: Второй этап Акции

С 14 по 25 октября проходит второй этап Общероссийской Акции «Сообщи, где торгуют смертью». Цель Акции: предотвращение незаконного оборота наркотиков и снижение уровня наркомании в обществе.
**Как принять участие:**
• Сообщите информацию о местах, где происходит незаконный оборот наркотических веществ:
 * О лицах, занимающихся сбытом наркотиков;
 * О местах хранения и производства наркотиков;
 * О рекламе наркотических веществ в интернете или в оффлайн;
 * О любых других фактах, связанных с незаконным оборотом наркотиков.
• Сообщите информацию анонимно:
По телефону
8 934 444 13 03
8 999 418 94 14
Важно знать:
• Каждая информация проверяется специалистами и при подтверждении фактов принимаются соответствующие меры.
• Ваша анонимность гарантируется.
Совместными усилиями мы сможем сделать нашу страну безопаснее от наркотиков!
Присоединяйтесь к Акции «Сообщи, где торгуют смертью»!

# Осень пришла, а с ней и грипп: как защитить себя?



**Осень** – время, когда природа одевается в яркие краски, а мы спешим насладиться золотыми листьями и ароматом свежего урожая. Но с приходом осени приходит и угроза гриппа – вирусного заболевания, которое может испортить нам настроение и заставить провести несколько дней в постели.

**Грипп** – это не просто простуда, он может быть очень опасным, особенно для людей в возрасте и с хроническими заболеваниями. Вирус гриппа очень заразен и передается воздушно-капельным путем, то есть при кашле или чихании больного человека.

**Симптомы гриппа:**

- **Высокая температура**: часто поднимается до 38 градусов и выше.
- **Кашель**: может быть сухим или мокрым.
- **Боль в горле**: чувство першения или боли при глотании.
- **Головная боль**: может быть сильной и распространяться по всей голове.
- **Мышечная боль:** чувство ломки в тело.
- **Насморк**: может быть жидким или густым.
- **Слабость:** потеря силы и энергии. Как защититься от гриппа:
- **Соблюдайте гигиену рук**: часто мойте руки с мылом и водой, особенно после п сещения людных мест.
- **Избегайте тесного контакта с больными людьми:** держать расстояние не менее метра.
- **Проветривайте помещение:** свежий воздух помогает уменьшить концентрацию вирусов.
- **Делайте вакцинацию от гриппа**: это самый эффективный способ защиты от заболевания, особенно для людей в возрасте и с хроническими заболеваниями.
- **Укрепляйте иммунитет**: питайтесь полноценно, высыпайтесь, занимайтесь физическими упражнениями и избегайте стрессов. Если у вас появились симптомы гриппа:
- **Обращайтесь к врачу**: не занимайтесь самолечением. Врач подберет необходимое лечение, учитывая ваши индивидуальные особенности.
- **Оставайтесь дома**: чтобы не заражать окружающих.
- **Пейте больше жидкости**: чтобы избежать обезвоживания.
- **Отдыхайте**: вашему организму нужно время на восстановление.

**Помните, что грипп – это не приговор. При соблюдении простых правил вы можете защитить себя и своих близких от этого заболевания. Наслаждайтесь осенью и будьте здоровы**

**Отдел Министерства внутренних дел по Унцукульскому району**

# Приглашает Вас на службу в органы

**Уважаемые жители Унцукульского района**

Отдел Министерства внутренних дел России по Унцукульскому району приглашает Вас на службу в органы внутренних дел Российской Федерации.

Ставим Вас в известность, что в связи с имеющимися вакансиями должностей младшего начальствующего состава, идет подбор и прием кандидатов на службу в органы внутренних дел Унцукульского района, а также в целом по Министерству внутренних дел Республики Дагестан.

**Служба в полиции это:**

- достойная заработная плата;
- Ежегодный оплачиваемы отпуск (40 дней + дни на дорогу к месту проведения отпуска и обратно: увеличение отпуска в зависимости от выслуги
- Возможность получения бесплатного высшего образования (в том числе второго в учебных заведениях МВД России);
- Оплачиваемый учебный отпуск;
- Льготные путевки в санатории МВД;
- Бесплатное медицинское обслуживание (в том числе членов семьи);
- Обязательное государственное страхование;
- Возможность карьерного роста;
- Выход на пенсию через 20 лет службы (в Северокавказском регионе существует льготное исчисление срока службы 1 год за 1,5 года) служба в ВС РФ входит в выслугу лет).

Желающие поступить на службу в органах внутренних дел, могут обратиться по номерам **телефонов: 8988-265-87-07, 99-44-83, 99-40-08.**

**Руководство ОМВД России по Унцукульскому району**

# Чи хведал зигара гьаби

Чи хварал яги цоги балагь-къварилъи бачIаразда зигара гьаби буго сунатаб, цIакъ кири кIудияб, исламалъул нух. Зигара гьабизе лъикIаб буго хварав вукъилалде цебе ва вукъун хадуб, гIага-шагарго лъабго къоялъ, гьелдаса хадуб зигара гьабизе карагьатаб буго, гьев сапаралъ вукIун,унтун яги цоги гIилла букIун батичIони.

Зигара гьабулаго лъикIаб буго гьел гIодоре руссинаризе, сабруялде ахIизе, гьезул ракI-макI гьабизе. Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «Щив чи вугониги жинца балагь-къварилъи бачIарав чиясда зигара гьабун,



гьесиеги букIуна доб балагь бачIарав чиесе гIадаб кири»(хIадис бицана Тирмизияс ва Байгьакъияс).

Руччабазеги суннатаб буго зигараялъ ине. Аварагасул ПатIиматги унаан зигараялъ.

Байгьакъияс ва ибну Маджагьица бицана Аварагас (с.т.гI.в.) абунила: «Щив муъминчи вугониги жинде балагь бачIарав диналъул вацасда жинца зигара гьабун, ТIадегIанав Аллагьас гьесие къиямасеб къоялъ гIарац меседалъул хъала бала»,абун.

Зигара гьабизе гIадамазе санагIат букIиналъул мурадалда хварасул гIагарлъи цо бакIалда бакIаризе бегьула, гьениб хIарамаб жо гьабулеб гьечIони. Гьединаб лъикIаб ният гьечIони, гьеб какараб буго. Зигара гьабизе бегьула нилъерго рахьдал мацIалда, бокьарал рагIабаздалъун. Гьениб абизе лъикIаблъун асхIабзабаз рикIкIуна гьадинал магIнаби ругел рагIаби. «Аллагьас нужее кири цIикIкIинабеги».»Аллагьас нуж алжаналда данде гьареги», «Аллагьас гьесие ахират лъикIаб кьун батаги», «Хварасда Аллагь гурхIаги» ва гь.ц. Зигара гьабиялъул магIна ккола балагь бач1арасе сабру гьабизе кумек гьаби. Гьеб ккола диналъул вацасе гьабулеб кумек ва нисихIат,ай лъикIалдалъун амру гьаби.

Зигара гьабизе лъикIаб буго хварасул кинабго хъизан-гIагарлъиялда, гIолохъанал махIрамиял гурел руччабазда бихьиназ хутIун.

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский
район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@
yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 17. 10. 24 г.
15. 30
фактически -17. 00 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.